

## **BAB III**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**

#### **3.1. Populasi jeung Sampel Panalungtikan**

##### **3.1.1 Populasi**

Populasi nyaéta jumlah sakabéh unit anu baris ditalungtik karakteristik atawa ciri-cirina (Djojuroto, 2004:93).

Luyu jeung éta, Suyatna (2002:10) ogé nétélakeun yén populasi téh nyaéta sakabéh obyék anu baris ditalungtik dina hiji panalungtikan, boh mangrupa barang, jalma, kajadian, atawa gejala-gejala.

Populasi dina ieu panalungtikan nyaéta sakabéh naskah biantara siswa kelas X SMA Pasundan 2 Bandung anu jumlahna kurang leuwih 274 siswa tina dalapan kelas.

##### **3.1.2 Sampel**

Sampel nyaéta bagian atawa sawaréh tina populasi anu dianggap bisa ngawakilan populasi (Suyatna, 2002:11).

Sampel dina ieu panalungtikan ngagunakeun téhnik *random* atawa acak. Tina dalapan kelas anu jumlah siswana 274, sampel anu digunakeun nyaéta 25% tina populasi atawa kurang leuwih 69 nepi ka 70 naskah biantara siswa.

Anu jumlahna nyumponan kana angka éta nyaéta kelas X-7 jeung X-8. Jadi, sampel dina ieu panalungtikan nyaéta sakabéh naskah biantara siswa kelas X-7 jeung X-8 anu jumlahna 70 naskah.


**Novita Nurul Fauziah, 2012**  
**Kamampuh Ngalarapkeun Ejaman Dina Naskah Biantara Siswa Kelas X SMA Pasundan 2 Bandung**

### 3.2. Desain Panalungtikan

Ieu panalungtikan ngaliwatan tahap-tahap saperti kieu:

Bagan 3.2.1

#### Desain Panalungtikan



### 3.3. Méthode Panalungtikan

Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nyaéta méthode déskriptif. Suyatna (2002:14) nétélakeun yén méthode déskriptif dipaké pikeun méré gambaran sacara sistematis, faktual, tur akurat ngeunaan fakta-fakta jeung sifat-sifat hiji populasi atawa daérah.

Métode déskriptif mangrupa hiji métode anu bisa ngajawab pasualan-pasualan aktual ku cara ngumpulkeun, nglasifikasikeun, analisis atawa ngolah data, nyusun kacindekan jeung nyieun laporan.

Anu baris didéskripsikeun téh nyaéta kamampuh ngalarapkeun éjahan dina nulis naskah biantara siswa SMA Pasundan 2 Bandung anu ngawengku (1) makéna aksara, (2) nuliskeun aksara, (3) nuliskeun kecap, (4) nuliskeun unsur serepan, jeung (5) ngagunakeun tanda baca.

### 3.4. Wangenan Operasional

Istilah-istilah anu dipaké dina ieu panalungtikan baris didadarkeun maksudna, nyaéta:

- a. *Kamampuh* asal kecapna “mampuh” nu ngandung harti kuat atawa bisa, sedengkeun kamampuh hartina kakuatan atawa kabisa (LBSS). Patali jeung ieu panalungtikan nyaéta kamampuh ngalarapkeun vokal é, e, jeung eu dina naskah biantara siswa kelas X SMA Pasundan 2 Bandung.
- b. *Ngalarapkeun* nyaéta maké atawa ngagunakeun.
- c. *Éjahan* nyaéta cara gambaran sora basa anu dumasar kana aturan atawa palanggeran nuliskeun kecap-kecap salah sahiji basa.
- d. *Naskah biantara*, *naskah* téh nyaéta téks atawa catetan. *Biantara* nyaéta nyarita di hareupeun balaréa tur mibanda tujuan pikeun nepikeun gagasan atawa eusi pikiran nu kaharti.

- e. *Siswa* nyaéta jalma nu keur guguru atawa diajar di sakola (LBSS). Dina ieu panalungtikan siswa salaku objék nu diuji pikeun meunangkeun data ngeunaan kamampuh ngalarapkeun éjahan.
- f. *SMA* nyaéta lokasi atawa tempat dilaksanakeunana ieu panalungtikan, di dieu tempat nu dipaké panalungtikan téh nyaéta SMA Pasundan 2 Bandung.

### 3.5. Instrumén Panalungtikan

Instrumén asalna tina basa Walanda anu hartina pakakas atawa alat. Instrumén panalungtikan maksudna nyaéta pakakas atawa alat anu dipaké dina ieu panalungtikan.

#### 3.5.1. Instrumén Ngumpulkeun Data

Instrumén atawa alat anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta tés. Tés anu digunakeun pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina ngalarapkeun éjahan nyaéta tés nulis nulis naskah biantara. Anu diukurna ngawengku kamampuh makéna aksara, nuliskeun aksara, nuliskeun kecap, nuliskeun unsur serepan jeung ngagunakeun tanda baca. Instruménna bisa dititénan saperti ieu di handap:

#### **TÉS NULIS NULIS NASKAH BIANARA**

Pek jieun ku hidep hiji naskah biantara panjangna sakurang-kurangna opat paragraf kalayan éjahan jeung basa nu bener tur merenah. Téma biantara bisa milih tina pilihan ieu di handap!

- Pentingna miara kabersihan jeung kaséhatan

- Pentingna ngajaga étika
- Tarékah nyingkahan pemanasan global

### 3.5.2. Instrumén Ngolah Data

Instrumén pikeun ngolah datana bisa ditiénan saperti ieu di handap:

Tabél 3.5.2.1  
Data Kasalahan Éjahan

No	Kecap		Kasalahan				
	Anu Dipaké	Kuduna	MA	NA	NK	NUS	NTB
	<b>Jumlah</b>						

Tabél 3.5.2.2

Analisis kamampuh makéna aksara, nuliskeun aksara, nuliskeun unsur serepan, jeung ngagunakeun tanda baca.

No	Wasta	$\Sigma$ Kecap nu Dipaké	Éjahan										
			MA		NA		NK		NUS		NTB		
			M	TM	M	TM	M	TM	M	TM	M	TM	
	<b>Jumlah</b>												

Keterangan:

MA = Makéna Aksara

NA = Nuliskeun Aksara

NK = Nuliskeun Kecap

NUS = Nuliskeun Unsur Serepan

NTB = Ngagunakeun Tanda Baca

M = Merenah

TM = Teu merenah

### 3.6. Téhnik Panalungtikan

Téhnik anu dipaké dina ieu panalungtikan ngawengku tahap nyaéta téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

#### 3.6.1. Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta tés. Tés nyaéta saruntuy patalékan atawa latihan anu digunakeun pikeun ngukur kaparigelan, pangaweruh, *intelengensi*, kamampuh atawa bakat anu dipibanda ku hiji individu atawa kelompok (Suyatna, 2002:23).

Tés dina ieu panalungtikan gunana pikeun ngukur kamampuh siswa kelas X SMA Pasundan 2 Bandung dina ngalarapkeun éjahan. Tés anu dilaksanakeun nyaéta nyieun naskah biantara dina basa Sunda.

Pamekaran anu dipaké nyaéta *one shot* modél lantaran data nu mangrupa naskah biantara téh dijieun ku siswa dina hiji waktu tuluy dikumpulkeun saharita.

**Novita Nurul Fauziah, 2012**  
**Kamampuh Ngalarapkeun Ejahan Dina Naskah Biantara Siswa Kelas X SMA Pasundan 2 Bandung**

Arikunto anu dicutat ku Triani (2009:65) nétélakeun yén pamekaran *one shot* modél téh nyaéta pamekaran anu ngagunakeun sakali ngumpulkeun data dina saharita.

### 3.6.2. Téhnik Ngolah Data

Data hasil panalungtikan téh masih kénéh mangrupa data atah, kudu diolah heula sangkan jadi hiji kacindekan atawa jawaban-jawaban tina masalah ieu panalungtikan.

Dina ngolah datana, ieu panalungtikan ngagunakeun téhnik risét déskriptif anu sifatna éksploratif. Numutkeun Arikunto dina Triani (2009:65), wangun data anu kuantitatif téh cara ngolah datana nyaéta ngabandingkeun sarta ngajumlahkeun jeung jumlah anu dipiharep, tuluy diperséntasekeun.

#### a. Analisis Naskah

1) Meunteun kamampuh siswa

$$N = \frac{\sum B}{\sum T} \times 100$$

N = perséntase kamampuh siswa

$\sum B$  = jumlah éjahan anu bener

$\sum T$  = total (jumlah sakabéh éjahan anu aya dina nulis naskah biantara)

## 2) Nangtukeun patokan

Tabél 3.6.2.1

Nangtukeun Patokan ku Cara Ngitung Perséntase keur Skala Lima

Interval Perséntase Tingkat Ngawasa	Nilai Ubah Skala Lima		Katerangan
	0-4	E-A	
85% - 100%	4	A	Hadé Pisan
75% - 84%	3	B	Hadé
60% - 74%	2	C	Cukup
40% - 59%	1	D	Kurang
0% - 39%	0	E	Goréng

(Burhan Nurgiyantoro, 2001:399)

**b. Analisis Ngalarapkeun Éjahan dina Nulis naskah Biantara**

## 1) Kamampuh makéna aksara

$$Lma = \frac{x}{y} \times 100$$

$x$  = jumlah makéna aksara anu bener

$y$  = jumlah 'makéna aksara' anu dipaké

Lma = perséntase larapna makéna aksara



2) *Kamampuh nuliskeun aksara*

$$Lna = \frac{x}{y} \times 100$$

$x$  = jumlah nuliskeun aksara anu bener

$y$  = jumlah 'nuliskeun aksara' anu dipaké

$Lna$  = perséntase larapna nuliskeun aksara

3) *Kamampuh nuliskeun kecap*

$$Lnk = \frac{x}{y} \times 100$$

$x$  = jumlah nuliskeun kecap anu bener

$y$  = jumlah 'nuliskeun kecap' anu dipaké

$Lnk$  = perséntase larapna nuliskeun aksara

4) *Kamampuh nuliskeun unsur serepan*

$$L = \frac{x}{y} \times 100$$

$x$  = jumlah nuliskeun unsur serepan anu bener

$y$  = jumlah 'nuliskeun unsur serepan' anu dipaké

$Lnus$  = perséntase larapna nuliskeun unsur serepan

5) *Kamampuh ngagunakeun tanda baca*

$$\text{Lntb} = \frac{x}{y} \times 100$$

$x$  = jumlah ngagunakeun tanda baca anu bener

$y$  = jumlah 'ngagunakeun tanda baca' anu dipaké

Lna = perséntase larapna ngagunakeun tanda baca

